ZAMONAVIY HUQUQSHUNOSLIKNING AKTUAL MUAMMOLARI

XVII-RESPUBLIKA ILMIY-AMALIY KONFERENSIYA

YAKUNLARI BO'YICHA ILMIY ISHLAR TO'PLAMI




Issue - 5(2025)

Available at www.uznauka.uz

# REPRESSIYA JILLARINDA JOǴALǴAN ILIM HÁM MÁDENIYAT ǴÁZIYNELERI (1940-1950-JILLARDA)

**Medetbayeva Biybimaryam**

QMU Mágistratura bólimi «Tariyx» qániegliginiń 2-kurs magistrantı

XX ásir ortalarında, ásirese, 1940-1950-jıllar aralıǵında buringi Sovet Awqamı quramındaǵı respublikalarda, sonıń ishinde, Qaraqalpaqstan aymaǵında da ruwxiy hám mánawiy qarańǵılıq dáwiri húkim súrdi. "Xalıq dushpanı" tamǵası, jalǵan ayıplawlar hám qamaqlar arqasında qanshadan-qansha pidayı ilimpazlar, jazıwshılar, din ǵayratkerleri, aǵartıwshılardıń ómiri ayanıshlı túrde kesildi. Bul - tek ǵana insanıylıq apatshılıq emes, al ruwxiy ǵáziynemizdıń joytılǵan beti bolıp esaplanadı.

Bul maqalada áyne sol qorqınıshlı jıllarda óz xalqınıń ruwxıy baylıǵına xızmet etken, biraq nahaqtan jazaǵa tartılǵan bir topar pidayı zıyalılardıń ómiri hám táǵdiri sáwlelendiriledi. Sonıń ishinde, Najim Dawqarev, Izbasar Fazilov,Xojan Abdihalikov sıyaqlı pidayı shaxslar bul processtiń tikkeley qurbanlarına aylanǵan. Olardıń hár biri óz jumısı menen xalqımızdıń ruwxıy dúnyasın hám intellektuallıq potencialın joqarılatıwǵa xızmet etken, biraq totalitar dúzim zulımlıǵına ushıraǵan.

Búgin ǵárezsiz rawajlanıw jolınan baratırǵan elimizde bul tariyxıy haqıyqattı eslew, onı jarıtıw, sonday-aq, repressiya qurbanlarınıń atın tiklew hám olardıń ruwxıy miyrasın xalqımızdıń yadına qaytarıw úlken áhmiyetke iye.

Sovet Awqamınıń repressiya siyasatı Qaraqalpaqstan ilimi hám mádeniyatına qayta tiklep bolmaytuǵın soqqılar bergen edi. Bul jıllar dawamında kóplegen bilimli, pidayı, jámiyet rawajlanıwına xızmet etken zıyalılar "xalıq dushpanı" tamǵası menen qamalǵanı, súrgin etilgeni yamasa pútkilley joq etilgeni ashınarlı haqıyqat.

Izbasar Fazılovtıń ómiri hám dóretiwshiligi, ásirese repressiyanıń ádebiyat hám mádeniyatqa qanday tásir etkenin kórsetedi. Ol 1937-jılı, óziniń milliy hám kórkem kózqarasları sebepli, antisovet hám milletshi sıpatında ayıplanıp, quwdalawǵa ushıradı. Fazılovtıń ádebiyatqa qosqan úlesi hám ol jazǵan shıǵarmalar Sovet húkimeti tárepinen qadaǵan etildi. Ol "Jas leninshi" gazetasınıń redaktorı sıpatında, óziniń milliy ideyaları hám ádebiy kózqarasları menen tanılǵan bolsa da, siyasiy qararlar onıń dóretiwshilik jumısın toqtatıwǵa májbúr etti.

1937-jıllarda qamaqqa alınǵan hám 20 jıldan aslam waqıt súrgin azabın bastan keshiredi, biraq bul azap hám qıstawlar onıń dóretiwshilik qábiyletine tásir kórsetpegeni onıń Asan Begimovqa jazǵan xatınan málım:*"Jigirma jıl aldımda irkiw bolǵan bóget,eńsemnen basqan dóhmet endi joǵaldı,Bastan ótken jigirma jıl biziń ómirimizdıń eń qızıqlı,qizǵınlı,qımbatlı bólegi, Jigirma jıl dawamında talantlı adamǵa kóp zat islewge boladı.Meniń jas talantım jigirma jıl boyı ixtiyarsızlıq astında túnshıqtı.Biraq meniń ádebiyataǵı uqıbım joǵalǵan joq"*[1] dep jazadı. Bul xat arqalı tek ǵana basınan ótken keshirmelerdi emes, al tariyxıy haqıyqattı ańlaw ushın áhmiyetli dárek bolıp esaplanadı. Bul sózler repressiya qurbanlarınıń psixologiyalıq jaǵdayın, olardıń jámiyetten ıqtıyarlı emes, májbúriy

[1] Sh.Babashev Qaraqalpaqstanlı repressiyaǵa ushraǵan ziyalılar-Nókis-2012-Bilim baspası-161-168-B.

ajıratılǵanlıǵın kórsetedi. Izbasar Fazilovtıń xatı onıń ruwxıy azabın hám ádalatsızlıq dárejesin sáwlelendiredi. Búgin bul xatlar tariyxıy haqıyqattıń áhmiyetli dáreklerine aylandı. Olar, ásirese, jas áwladqa mınanı ańlatadı: ádebiyat, talant hám haqıyqatlıq hesh qanday kúsh penen pútkilley joq etilmeydi - olar waqıtsha únsiz bolıwı múmkin, biraq bári bir jáne ses shıǵaradı. Izbasar Fazılov qáleminen tógilgen bul sózler, endi tariyxıy yad hám milliy ózliktiń muqaddes buwınına aylanǵan.

Izbasar Fazilov 1958-jılı eline qaytıp kelgennen soń, óziniń dóretiwshilik jumısların basladı. Biraq ol júdá awır sharayatlarda jasaǵan hám sozılmalı azaplar onıń densawlıǵın tómenletken. 1961-jılı 13-yanvarda, uzaq jıllar dawamında shekken fizikalıq hám ruwxıy azaplar sebepli, ókpe keselliginen qaytıs boldı.

Qaraqalpaqstanda pedagogikalıq hám jámiyetlik jurnalistikanıń tiykarın salǵan az sanlı zıyalılardıń biri edi. 1934-jılı ol "Sovet muǵallimi" gazetasınıń birinshi juwaplı xatkeri sıpatında jurnalistikanıń xalıqshıl hám sınshıl baǵdarın qáliplestiriwge bel baylaǵan xalıqshı jurnalist- Xojan Abdilxolikov. Onıń maqalaları ádillik, xalıq mápleri haqqında edi - áne usı mártligi oǵan qımbatqa tústi.

1937-jılı 5-oktyabrde onı NKVD xızmetkerleri nızamsız túrde qamaqqa alıp, "xalıq dushpanı" degen ayıp penen sudladı. Ózbekstan SSR Jınayat kodeksiniń 14-64 hám 67-statyaları tiykarında 10 jıllıq qamaq jazası, mal-múlkiniń

konfiskaciyası, siyasiy huqıqlardan ayırılıwı - bulardıń barlıǵı ádalat súyiwshi bir insandı sındırıwǵa qaratılǵan edi[2].

Sibir hám Magadannıń suwıq lagerlerinde ótkerilgen jıllar oǵan fizikalıq hám ruwxıy azap alıp keldi. Biraq ol ruwxıy kúshin saqlap qaldı - kánshi bolıp islep, jańa kásip iyeledi. Xojan Ábdixoliqov 1958-jıldıń may ayında tolıq aqlanıp, watanına qaytadı. Tilekke qarsı, artta qaldırǵan sınaqlı jıllar hám qamaqxanadaǵı mashaqatlar onıń densawlıǵına zıyan jetkergen edi. Ol sol jıldıń 13-iyulinde, 60 jasında qaytıs boldı.

Prezidentimiz Shavkat Mirziyoevtiń atap ótkenindey, " "Biz tariyxımızdaǵı awır sınaqlardı, xalqımız basınan ótkergen zulımlıq hám zorlıqlardı hesh qashan umıtpawımız kerek. Sebebi keshegi zulımlıqtı yadqa almasaq, erteńgi ádillikti qurıwımız múmkin emes.."[3] Xojan Abduxoliqovtıń ómiri - bul haqıyqattı aytqanı ushın jazalǵan, biraq eline sadıq qalǵan, ilim hám sózge pidayı bir áwlad wákiliniń tımsalı bolıp esaplanadı.óziniń ilimiy hám jurnalistlik jumısın dawam ettiriwde úlken tosqınlıqlarǵa dus keldi.

Nájim Dáwqaraev 1905-1953-jılları jasap, óz dáwiriniń jetekshi ilimiy hám mádeniy ǵayratkerlerinen biri boldı. Onıń ómiri, Sovet rejiminiń qatań repressiya siyasatı hám siyasiy quwdalawları astında ótti. Óz jumısın xalqınıń mádeniy rawajlanıwına, ilimdi úyreniwge hám ádebiyatın rawajlandırıwǵa baǵıshladı, biraq Sovet dúziminiń ádalatsız siyasatı hám quwdalawları oǵan tosqınlıq etti.

[2] Sh.Babashev Qaraqalpaqstan respublikasi tariyxindag'i siyasiy qurbanlar. No'kis. —Qaraqalpaqstan 2003 jil.

[3] Ózbekstan Respublikası Prezidenti Shavkat Mirziyoyevtıń 2021-jıl 31-avgust kúni Ǵárezsizlik bayramına baǵıshlanǵan saltanatlı máresimde shıǵıp sóylegen sózinen htpp/gazeta.uz.

1934-jıldan keyin, repressiya siyasatı biraz páseygennen keyin Nájim Dáwqaraev Qaraqalpaqstan Jazıwshılar awqamınıń juwaplı xatkeri etip tayınlandı hám ádebiyattıń rawajlanıwına úles qostı.. Biraq, 1937-jılı Sovet rejimi onıń iskerligin qáwip dep taptı hám onı milletshilikte ayıpladı. Nájim Dáwqaraevqa qarsı baspasózde keń kampaniya baslandı hám ol "eski sistemanı kúseytuǵın burjuaziyalıq milletshi" sıpatında tanıstırıldı. Basqa ilimpazlar onıń qorǵawın óz moynına aldı, biraq Nájimniń ilimiy jumısları hám iskerligi turaqlı siyasiy quwdalawlar astında boldı.

1952-jılǵa kelip, Nájimniń ilimiy jumısı jáne de qattıraq siyasiy quwdalawlarǵa ushıradı. Qaraqalpaqstan oblastındaǵı jıynalısta ol jáne sınǵa ushıradı, al bul sınlar onıń ilimiy jumısına qarsı júrgizilgen siyasiy gúrestiń bir bólegi boldı. Aqırında, Nájim Dáwqaraev 1953-jılı 20-iyulde, 48 jasında, mezgilsiz qaytıs boldı. Onıń ilimiy jumısları hám mádeniyatqa qosqan úlesi házirgi kúnde de úlken áhmiyetke iye esaplanadı.

Sovet dáwirinde, bunday kóplegen ádebiyattanıwshılar hám ilimiy ǵayratkerler, tiykarınan, óz kózqarasları menen baylanıslı, óz elleriniń tariyxıy miyrasın úyreniwde júdá áhmiyetli orın tutqan bolsa da, siyasiy quwdalawlarǵa ushıradı. Olardıń shıǵarmaları kóbinese joǵalıp ketti yamasa pútkilley joq etildi.

Olardıń miyneti, ilimiy jumısları hám ádebiy kózqarasları tek ǵana óz zamanı ushın emes, al keleshek áwladlar ushın da áhmiyetli tariyxıy ǵáziynelerden biri bolıp esaplanadı.

Juwmaqlap aytqanda, repressiya jıllarında joytılǵan ilimiy hám mádeniy ǵáziyneler búgingi kúnde tek ǵana tariyxıy processlerdi durıs bahalaw ushın emes, al milliy ruwxtı saqlaw hám onı jańa áwladlarǵa jetkeriw ushın da úlken áhmiyetke iye. Bul processti dawam ettiriw, aldıńǵı ilimiy hám mádeniy qádiriyatlardı jámiyetke engiziwimiz eń baslı waziypamız esaplanadı.

## Paydalang‘an Ádebiyatlar


1. Sh.Babashev Qaraqalpaqstanli ziyalilar u‘stinen siyasiy process. No‘kis. ―Bilim‖ 2012 jil.
2. .Sh.Babashev Jaziqsiz jazalang‘an repressiya qurbanlari‘. No‘kis. ―Qaraqalpaqstan‖ 2007 jil.
3. Sh.Babashev Qaraqalpaqstan respublikasi tariyxindag‘i siyasiy qurbanlar. No‘kis. ―Qaraqalpaqstan‖ 2003 jil.
4. O‘zbekiston Respublikasi Prezidentining rasmiy veb-sayti. “Qatag‘on qurbonlari xotirasi – milliy o‘zlik ramzidir”. –URL: https://president.uz/uz/lists/view/ 1786.
5. Qatag‘on qurbonlari: tarixiy adolat tiklanmoqda. ZiyoNET ta’lim portali. – URL: https://ziyonet.uz/uz/news/ qatagon-qurbonlari.